



Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE REZILTA PREMYE MEZI APLIKASYON LWA NAN KAD NOUVO LWA KONT BIZNIS KANABIS KI PA GEN LISANS YO

*Mezi aplikasyon lwa yo te lakòz yo sezi yon minimòm [1000 liv ak prèske 11 milyon dola pwodwi ilegal](#) atravè efò entèajans kowòdone*

*Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la ak Depatman Fiskalite ak Finans te kòmanse enspekte boutik ki pa gen lisans yo nan kòmansman mwa jen an dapre nouvo lwa Gouvènè Hochul te siyen an me a*

*Ajans Eta yo kapab kounye a enpoze gwo amann epi kòmanse pwosesis pou fèmen biznis k ap vann kanabis san yon lisans*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a rezilta premye mezi aplikasyon lwa kont biznis kanabis ki pa gen lisans yo. Se Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak Depatman Fiskalite ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) Eta New York ki te dirije efò yo nan de premye semèn sa yo, ki te otorize dapre yon [nouvo lwa](#) Gouvènè a te siyen an me nan kad Bidjè Ane Fiskal 2024 Eta a.

"Anvèti nouvo pouvwa mwen te goumen pou li nan bidjè Eta ane sa a, kounye a nou kapab fè aplikasyon lwa kont biznis k ap vann kanabis ilegalman, epi mwen fyè pou m rapòte ke nan sèlman twa premye semèn efò nou yo, nou te sezi pwodui ilisit nan lari yo ki gen yon valè ki prèske 11 milyon dola", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Biznis sa yo ki pa gen lisans vyole lwa nou yo, mete sante piblik la an danje, epi afebli mache kannabis legal la, epi ak nouvo zouti pwisan nan bwat zouti nou an nou ap voye yon mesaj klè ak solid: si ou vann kanabis ilegal nan New York, yo pral kenbe ou epi yo pral sispann nou."

Depi 7 jen, Biwo Jesyon Kanabis (OCM) Eta New York ak Depatman Fiskalite ak Finans (DTF) Eta New York te fè enspeksyon nan 33 biznis nan Vil New York, Ithaca, ak Binghamton ki pa gen lisans pou vann kanabis. De ajans yo te pibliye Avi Vyolasyon pou 31 nan biznis sa yo, kote yo te sezi ak kataloge yon minimòm [1000 liv kanabis ilegal ak yon valè estimatif ki prèske 11 milyon dola](#), ak plis toujou ke yo dwe tabile. Aplikasyon lwa a pral kontinye chak semèn nan tout eta a, ak OCM ki aktivman ap rekrute ofisyè adisyonèl nan objektif pou mete fen nan vant kanabis ilegal.

Nouvo lejislasyon aplikasyon lwa ki te adopte nan kad Bidjè a te otorize OCM pou evalye penalite sivil kont biznis kanabis ki pa gen lisans yo, ak amann ki kòmanse nan 10,000 dola pa jou, epi ki monte jiska 20,000 dola pa jou pou konduit ki pi flagran an. Nouvo lwa a te otorize ajans lan tou pou l chèche yon òdonans tribinal Eta pou finalman kadnase biznis yo jwenn ki an vyolasyon lwa a yon fason repete, pou site penalite sa yo sèlman. Anplis de sa, lalwa fè li vin yon krim pou vann kanabis ak pwodwi kanabis yo san lisans

Anplis pouvwa yo akòde OCM, nouvo lwa aplikasyon an bay DTF tou pouvwa pou fè enspeksyon reglemantè nan biznis k ap vann kanabis yo pou detèmine si yo te peye taks apwopriye epi yo pral kapab enpoze penalite sivil nan ka kote yo pa fè sa. Lejislasyon an etabli tou yon nouvo krim fwod taks pou biznis ki volontèman pa kolekte oswa remèt taks kanabis obligatwa yo, oswa ki genyen entansyonèlman pou vann nenpòt kanabis kote taks yo dwe peye men pa te fè sa.

Lè nou pran aksyon desizif kont biznis kanabis ki pa gen lisans, Eta New York ap fè yon gwo pa nan direksyon pou konbat operasyon kanabis ilegal ki mete an danje sekirite piblik, byennèt konsomatè yo, ak entegrite mache legal kanabis Eta New York la. Pou ede nan mezi kontinyèl sa yo, Bidjè ane fiskal 2024 la bay tou 5M dola pou yon lòt 37 anplwaye OCM pou fè aplikasyon lwa.

Gouvènè Hochul te nonmen tou Hope Knight, Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Devlopman Empire State lan, nan Konsèy Kontwòl Kanabis (Cannabis Control Board, CCB) la. Komisyonè Knight pral syeje imedyatman epi li pral sèvi nan reyinyon CCB mwa pwochen an.

**Direktè Egzekitif Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, Chris Alexander, te deklare,** "Jodi a, Gouvènè Hochul lanse yon avètisman sevè pou chak biznis k ap vann kanabis san lisans: Eta New York ap vin fèmen w. Gras ak efò Gouvènè a, ekip aplikasyon lwa nou yo soti chak jou pou mete fen nan pwopagasyon lavant kanabis san lisans atravè Eta New York. Sipòte antreprenè lokal yo ki lanse biznis kanabis egall ak pwodwi ki gen lisans ki an sekirite epi ki teste yo esansyèl anpil. OCM pran angajman pou pwoteje sante piblik la ak asire sekirite konsomatè yo."

**Komisè pa Enterim Enpo ak Finans Eta New York la, Amanda Hiller, te deklare,** "N ap travay avèk OCM ak patnè fòs lòd nou yo, n ap kòmanse pwosesis pou fè respekte règleman yo konsènan vant kanabis atravè Eta New York. Sa a pral yon efò ki byen planifye ak soutni aki gen objektif final pou asire yon mache ki jis ak reglemante. "

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare,** "Vizyon Gouvènè Hochul la pou yon kad ak mache regilatwa ke eta ap dirije pou kanabis la etabli estanda nasyonal la, epi li se yon onè pou mwen sèvi administrasyon li an davantaj kòm yon manm nan Komisyon Konsèy Kontwòl Kanabis la. Mwen pa ka tann pou travay ak lòt manm yo asire règleman yo ak pwogram Biwo pou Jesyon Kanabis la sèvi enterè tout Nouyòkè yo."

**Lidè Majorite nan Asanble Eta New York la, Crystal Peoples-Stokes, te deklare,** "Mwen kontan wè OCM (Biwo Jesyon Kanabis NYS la), DTF (Depatman Fiskalite & Finans NYS la) ak ajans fòs lòd yo finalman kapab adrese ak fèmen dispansè ki pa gen lisans epi ki ilegal yo. Boutik ilegal sa yo mete an danje sante, sekirite ak byennèt piblik la ak pwodwi ki pa ni teste ni reglemante, men tou konfonn piblik la pandan y ap eseye fèt biznis yo pase pou pwodwi ki gen lisansye epi ki apwouve menm si pa vre. Fèmti sa yo nesesè, epi konbine avèk kontinite ouvèti dispansè CAURD yo, pral pèmèt mache kanabis legal New York la rive atenn tout potansyèl li."

**Senatè Eta Liz Krueger te deklare,** "Mwen trè kontan Biwo Jesyon Kanabis la ak Depatman Fiskalite ak Finans finalman gen zouti ki nesesè yo pou fèmen operatè kanabis san lisans yo ak pwoteje mache ki gen lisans ki konsantre sou ekite k ap grandi a. Konsantre prensipal mwen an kontinye ap asire ke New York devlope yon ekonomi pou itilizasyon adil ki dirab ki sipòte ti biznis yo epi kontribiye an pati pou repare domaj ki te koze pa lagè kont dwòg la."

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Ekpansyon boutik tabak ilegal yo reprezante yon gwo menas pou endistri marigwana legal ki byen etabli nan New York la. Etablisman sa yo ki pa gen lisans epi ki pa reglemante non sèlman yo pa respekte règ ak estanda dispansè ki gen lisans yo respekte, men tou yo manke pran responsablite pou aksyon yo, espesyalman nan vann marigwana bay timoun minè nou yo. Anplis de sa, itilizasyon aditif ki kapab danjere nan pwodwi pa yo mete an danje sekirite konsomatè yo ak afebli efò yo te fè pou asire bon jan kalite ak konfòmite nan mache legal la. Se poutèt sa, sipòte mezi sevè pa Majistra a ak Gouvènè a na kad operasyon ilegal sa yo enpvtan anpil pou pwoteje sante piblik la, kenbe entegrite endistri yo, ak respekte estanda ki etabli pa biznis lejitim yo."

**Pwokirè Distrik Brooklyn lan Eric Gonzalez, te deklare,** "Lavant kanabis san lisans mete biznis lejitim yo nan yon dezavantaj, tronpe kontribiyab New York yo nan revni taks esansyèl yo, ak potansyèlman mete an danje sante piblik la. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li te asiyen resous enpòtan pou fè aplikasyon lalwa sivil sa yo pou sispann biznis ki pa gen otorizasyon sa yo, pou ede egalite teren an, epi pou bay moun ki gen lisans kanabis ki respekte lalwa yo yon chans ki jis pou yo pwospere nan endistri kanabis legal la."

**Manm Konsèy Distri 13 Vil New York la, Marjorie Velazquez, te deklare,** "Sa a se yon moman enpòtan pou endistri kanabis la, epi mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan abòde move aktè k ap mete kominote nou yo an danje. Akòz efò li yo, nou pral wè aplikasyon lwa ak plizyè ekip ki pral anpeche pwopagasyon detayan kanabis san lisans yo atravè eta a. Gen anpil antreprenè ki anvi fè biznis nan bon fason an, men ki afekte pa aksyon negatif lòt moun", deklarasyon Manm Konsèy Marjorie Velázquez, Prezidan Komite Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè a. "Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk Gouvènè Hochul, Biwo Jesyon Kanabis Eta New York la, ak Depatman Fiskalite a pou asire ke konsomatè yo, biznis yo ak kominote nou yo ka jwenn aksè ak resous ki nesesè yo pou devlope endistri Kanabis la nan Eta New York nan bon fason an."

Anplis Avi Vyolasyon yo, 31 biznis yo te jwenn ki t ap vann kanabis ilegalman te gen Lòd pou Sispann Aktivite San Lisans ke yo kole deyò pòt yo. Kounye a, biznis sa yo dwe parèt nan yon odyans administratif, kote yo pral detèmine dènye amann ak penalite yo pral fè fas la. Yo ka enpoze yon amann adisyonèl 5,000 dola pou retire Lòd la, epi biznis yo enspekte yo kapab tou sibi vyolasyon adisyonèl ak penalite dapre Lwa Fiskalite a.

Aprè premye enspeksyon sa yo, OCM ak DTF pral fè swivi nan lokal yo te enspekte pou asire aktivite ki pa gen lisans yo sispann. Si yo jwenn aktivite kontinyèl ki san lisans ap kontinye, OCM ka mande Tribinal Siprèm Eta a pou l bay lòd pou fèmen espas komèsyal la jiskaske lokal la konfòme l ak lwa kanabis ak règleman reglemante yo.

*Enfòmasyon adisyonèl sou amann:*

Si yo jwenn yon lokal ki pa gen lisans kontinye ap vann pwodui kanabis aprè OCM te bay yon Avi Vyolasyon/Lòd pou Sispann, yon ALJ ka evalye yon penalite adisyonèl pou chak jou jiska 20,000 dola. Anplis de sa, si biznis ki pa gen lisans retire Avi Vyolasyon oswa Avètisman OCM ki kole devan magazen biznis la, biznis la ap gen pou l peye yon amann jiska 5,000 dola.

*Enfòmasyon adisyonèl konsènan operasyon anvan ak aktyèl yo:*

OCM ak DTF te kòmanse premye enspeksyon konjwen nouvo lwa ranfòsman an otorize semèn 5 jen 2023, nan Vil New York, kote enspeksyon yo ap rete aktif epi ap kontinye.

Ofisye OCM ak DTF yo te enspekte boutik sa yo epi yo te ba yo avi vyolasyon:

- Varieties on Broadway - 736 Broadway, New York, NY
- Roll 2 Nation - 738 Broadway, New York, NY
- Baby Jeeter - 793 Broadway, New York, NY
- Maze - 16 St. Marks Place, New York, NY
- LaGuardia Smoke - 510 LaGuardia Place, New York, NY
- Nomad - 59 West 30th Street, New York, NY
- Play Lane - 117B W 23rd Street, New York, NY
- Cannabis Culture - 403 8th Avenue, New York, NY
- Smoke Factory - 287 7th Avenue, New York, NY
- Go Green Dispensary - 603 6th Avenue, New York, NY
- Daydream - 1181 Broadway, New York, NY
- Giggles - 59 1st Avenue, New York, NY
- Empire Smoke Shop - 57 1st Avenue, New York, NY
- NYC Smokes - 104 MacDougal Street, New York, NY
- Caviar - 110 MacDougal Street, New York, NY
- Sweet and Sour - 73 2nd Avenue, New York, NY
- Smart Smokes - 143 1st Avenue, New York, NY
- Old G Convenience Corp - 18 West 14th Street, New York, NY
- Premier Top, Inc - 54 14th Street, New York, NY
- Black Leaf - 103 East State Street, Ithaca, NY

- Zaza Convenience - 101 East State Street, Ithaca, NY
- The Rezz - 312 Fourth Street, Ithaca, NY
- Puff N Pass Smoke Shop - 222 Elmira Road #10, Ithaca, NY
- Green Magic - 114 Henry Street, Binghamton, NY
- Take Off - 2-63 Chenango Street, Binghamton, NY
- BMillz 122 Washington Ave, Endicott NY
- Runtz 14 1st Ave, NY NY
- BMillz 1110 Conklin Rd, Conklin NY
- Royal Vapes, 113 Washington Ave, Endicott NY
- Sogie Mart 24 Ave A, NY NY
- Recreational Plus Dispensary 180 1st Ave, NY NY

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)